# ГЕРМАН ТИЛЛЕРИНДЕГИ ФЕЙИЛДИН МЕЙИЛ КАТЕГОРИЯСЫ ҲАҚҚЫНДА АЙЫРЫМ ПИКИРЛЕР

**Байниязов Азатбай Турсынбаевич**
Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети

**АННОТАЦИЯ**

Мақолада герман тилларидаги майл категорияси тузилиши ва келиб чиқиши ҳақида фикр юритилган.

**Kalit so‘zlar:** майил категориясы, герман тиллари, модаль фейиллар, императив

**ABSTRACT**

The article discusses the structure and origin of the mood category in Germanic languages.

**Keywords:** categories of mood, Germanic languages, modal verbs, imperative.

**АННОТАЦИЯ**

В статье рассматривается структура и происхождение категории наклонения в германских языках.

**Ключевые слова**: категории наклонения, германские языки, модальные глаголы, императив.

Фейилдиң мейил категориясы барлық тиллерге соның ишинде герман тиллерине де тэн болған грамматикалық категория болып ис ҳәрекеттиң объективлик хақыйқатлыққа болған қатнасларын билдиреди. Бул катнасық сөйлеўшиниң субъективлик қатнасларына байланыслы болады. Сөйлеўшиниң ҳақыйқатлыққа болған көз қарасы, қатнасы фейил арқалы яғный ис-ҳәрекет арқалы билдириледи. Бул катнасық түрли мәнилерде аңлатылыўы мүмкин.

Көплеген герман тиллеринде, сондай-ақ олардан бири болған немис тилинде де фейиллердин үш мейил категориясы - индикатив (анықлык), императив (буйрық), конъюнктив (шәрт,тилек) бар. Немис тилиниң раўажланыў тарийхына нәзер салып қараганымызда мейил категориясы ең тийкарғы ҳәм ең дәслепки категорияларда екенлигин байқаўға болады. О.И.Москольскаяның 1969-жылы Москвада баспадан шыққан, немис тили тарийхы деген китабында айтылыўына қараганда бул категорияның элементлери ҳәм бөлиниўи, қәлиплесиўи тилдиң пайда болыўы, қәлиплесиўи менен бирге пайда болған ҳәм тендей өмир сүрип киятыр [1]. Өйиткени тилдеги бул грамматикалық

категория фейилдиң баянлаўыш (гәп дүзиўши) категориясына тийисли. Демек тил пайда болып қәлиплесип, адамлар арасында қарым –қатнасық ўазыйпасын атқара баслаўдан буйрык, анықлық ямаса тилек, өтинишлерди бир-бирине, билдириў, баян етиў зәрүрлигинен келип шыққан. Деген менен жақын жылларға дейин герман тиллеринде фейил мейиллериниң саны көп илимпазларды қызықтырған тийкарғы мәселелердиң бири болып келди. Тийкарынан фейил мейиллериниң саны үшеў болғаны менен конъюнктивте презенслик ҳәм претериаллық формалар мәҳәл формалары ретинде қаралса да, олардың арасындағы парық мәҳәл менен емес ал модаллық пенен анықланады. Сондай-ақ немис тилиндеги конъюктивте кондиционалис I ҳәм II деген еки форма болып оларды айырықша мейил деп пе ямаса айрықша мәҳәл формалары деп қабыл етиў керекпе деген пикирлер жүритиледи. Булардан тысқары фейилдиң мейил категориясының структурасын сүўретлеўде бир тәрептен оларды қарама-қарсы яғный ҳақыйқатлық, ҳақыйқатлық емес, мүмкиншилик зәрүрлик, мәжбурий-ықтыярый ҳәм тағы басқа деп қараса, екинши тәрептен императивтиң ролине туўры баҳа бермей ол модаллықтың берилиўи ме ямаса, гәптиң мақсетин белгилеўши қубылыспа деген көз қараслар айтылып келинди. [2].

Усындай қарама-қарсы көз қараслардын болыўы әлбетте тәбийғый жағдай, олар тийкарынан герман тиллери әййемги санскрит, грек тили ҳәм латын тиллеринен айырып алған жағдайда, герман тиллериниң қәлиплесиўи, мейил формаларының өзине тән өзгешеликлерин есапқа алып изертлеген. Фейилдиң мейил категориясына тән болған тарийхый өзгерислерди герман тиллериниң барлығына тийисли деп қараўға болады, яғный олар ушын улыўмалық қубылыс болып есапланады. Биринషиден берилиўи, билдирилиўи бойынша флективлик формаларынын бузылыўы, олардың аналитикалық усыллар менен алмасыўы, ал екиншиден мәнилик жақтан ишки модаллықты билдириўдиң сыртқы модаллықты билдириўге пәсейтирип көрсетиўши фейилдиң мейил категориясын қайта анықлаў бойынша изертлеўлер жүритилген.

Тилекке қарсы, Л.С.Ермалаеваның айтыўы бойынша фейилдиң мейил категориясын анықлаўдағы екинши фактор тилши илимпазлар тәрепинен изертлеўлер толық ақырына жеткерилмеген деген пикирди алға сүреди [3].

Модаллықтың түрлери бойынша ажыратыў тилши илимпазлар тәрепинен тек 60-жылдан кейин ғана толық жумыс алып барылмақта. Ишки модаллық делингенде субъект ҳәрекетиниң әмелге асырылып атырған ҳәрекетке болған қатнасы (объект ушын болса оның ҳәрекетке түсип атырған ҳәрекетке қатнасы) түсиниледи. Ҳәзирги заман герман тиллеринде ишки модаллық

модаль фейиллер менен бериледи. Бирақ та гэптеги ишки модаллық герман тиллеринде грамматикалық категория саналмайды деп жазады тилши илимпаз В.З.Панфилов өзиниң «Взаимоотношение языка и мышления» деген мийнетинде [7,181].

Ҳэзирги заман герман тиллеринде сыртқы модаллықтың биринши түри мейил категориясы менен, ал екинши түри болса модаль сөзлер жәрдеминде берилиўи мүмкин. Олардың барлығыда өзлериниң тарийхый раўажланыў усылына ийе. Соны айтып өтиў керек, олардан модаль фейиллер менен модаллық мәнисиниң берилиўи басқаларына қарағанда кейин пайда болған.

Улыўма алғанда герман тиллеринде жоқарыда айтылғанындай фейилдиң үш түри тән алынған ҳәмде бул туўралы барлық, герман тиллери бойынша шыққан грамматикалық әдебиятларда, илимий мийнетлерде, оқыў қуралларында кең көлемде айтылып өтиледи. Сондай-ақ олардын ҳәр бириниң өзине тән өзгешелиги, мәниси болып олар сол арқалы бир-биринен парық етип турады. Мәселен индикатив мәҳәл категориясы менен тығыз байланыслы болып сөйлеўшиниң ис-ҳәрекетиниң орынланыўы ямаса орынланбаўы хаққындағы объективлик ҳақыйқатлықты баянлап көрсетиўин билдиреди. Грамматикалық мәҳәл категориясы (индикатив) анықлық мейилиндеги фейилге байланыслы болады. Индикативтиң мәниси белгили бир мәҳәл, бетлик ҳәм де сан аффикслерин қабыл еткен фейиллер арқалы баян етиледи.

Императив тийкарынан коммуникативлик функциясын атқарады; ол сөйлеў моментинде болатуғын ямаса болмайтуғын ис-ҳәрекетке болған қатнасықты билдиреди. Формасы, жасалыўы бойынша индикатив ҳәм конъюнктив мейил формаларын салыстырғанда олар мақсетине қарай хабар, сораў, үндеў гәплерде қолланса бул тек ғана буйрық гәплерде қолланылады. Буйрық мейилиниң өзине тән өзгешеликлерден тағы бири оның ҳеш қандай маркерсиз, косымтасыз жасалыўы болып табылады. Герман тиллерине тийисли болған инглис тилиндеги 2-бетке қаратылган (бирлик санда) формасы арқалы, яғный ҳеш қандай қосымтасыз, буйрық мәнисинин белгисиз жасалыўы туўралы Л.С.Ермалаева өзиниң жоқарыда аты айтылған мийнетинде оны өз алдына мейил деп қараўға толық дәлийил жетиспейди деп жазады [4,97]. Бул форма индикативтен ҳеш қандай өзгешеликке ийе емес. Буйырыўдың мәниси контекстте гәптиң структурасы, интонация ҳәм лексикалық усыл менен берилип турыпты. Деген менен бул пикирге бир жақлама айтылғанлықтан оған толық қосылыўға болмайды. Императивтиң тағы бир басқа мейиллерден парқы онда барлық бетлердиң, сондай-ақ бирлик ҳәм көплик санларды маркерлериниң катнасыўы болып табылады.

## ӘДЕБИЯТЛАР: (REFERENCES)

1.Борисова Т.В.Лексические средства выражения модальности. К.Д.М. 1951.
2.Воровцова Г.Н. Очерки по грамматике английского языка. М. 1960
3.Ермолаева. Л.С. Система средства выражения модальности в современных германских языках ( на материале немецкого, английского, шведского и исландского языков) А.К.Д 1964.
4.Ермолаева Л.С. Типология системы наклонения в современных германских языках. Вопросы языкознания 1977. №4 стр. 97.
5.Крушельницкая К.Г. Очерки составительской грамматике немецкого и русского языков. М. 1961.
6. Moskalskaja O.I. Deutche Sprachgeschichte . Moskaw. Prosveschenje 1969.
7.Панфилов В.З Взаимоотношения языка и мышления М.1971. стр.181